**दिन—सोमवार** **दिनांक—01.12.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

नव गठित अठारहम बिहार विधानसभाक प्रथम सत्र आइ सँ शुरू भऽ गेल अछि। पांच दिवसीय सत्रक पहिल दिन आइ प्रोटेम स्पीकर नरेन्द्र नारायण यादव नव निर्वाचित सदस्य लोकनि के शपथ दियौलनि। सभ सँ पहिन उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आ विजय कुमार सिन्हा तथा मंत्रिमंडलक आन सदस्य लोकनि के शपथ दियाओल गेल। मंत्री लोकनिक बाद राजद विधायक दलक नेता तेजस्वी प्रसाद यादव शपथ लेलनि। मैथिली ठाकुर, अरूण शंकर प्रसाद आ संजय सरावगी सहित मिथिला क्षेत्र सँ आबऽवला कतेको विधायक मैथिली भाषा मे शपथ लेलनि। एआईएमआईएम के अख्तरूल इमान सहित कतेको विधायक लोकनि उर्दू मे शपथ लेलनि। ओतहि विधानसभा के कतेको सदस्य लोकनि अंग्रेजी भाषा मे सेहो शपथ लेलनि। अंग्रेजी मे शपथ लेबऽवला मे जदयूक चेतन आनंद, राहुल कुमार सिंह आ लोक जनशक्ति पार्टी रामविलासक विष्णुदेव पासवान प्रमुख छलाह। भाजपा विधायक आ पूर्व उपमुख्यमंत्री तारकिशोर प्रसाद, मिथिलेश तिवारी आ जदयूक रत्नेश सादा संसकृत भाषा मे शपथ लेलनि।

---

एम्हर, सत्रक शुरू भेला पर प्रोटेम स्पीकर नरेन्द्र नारायण यादव नव निर्वाचित विधायक लोकनि के संबोधित करैत कहलनि जे जनता हुनका पैघ जिम्मेवारी सौंपलक अछि। नव निर्वाचित विधायक लोकनि के लोकतांत्रिक आ संवैधानिक प्रावधानक अनुसार संदन मे जनहित के मुद्दा के मजगूती के संग उठेबाक चाही। एहि मध्य, संसदीय कार्यमंत्री विजय कुमार चौधरी जनौलनि जे आइ सत्रक पहिल दिन दू सय छत्तीस विधायक लोकनिक शपथ ग्रहण भेल। छओ विधायक अनुपस्थित रहबाक कारण शपथ नहि लऽ सकलाह। प्रोटेम स्पीकर नरेन्द्र नारायण यादवक शपथ पहिनहि भऽ चुकल अछि।

---

भाजपाक निर्वाचित सदस्य प्रेम कुमार बिहार विधानसभाक नव अध्यक्ष हेताह। ओ आइ विधानसभा अध्यक्ष पदक लेल अपन नामांकन पत्र दाखिल कयलनि अछि। विपक्षक दिस सँ कोनो सदस्य अध्यक्ष पदक लेल नामांकन पत्र नहि भरलनि अछि। जाहि कारण हुनका एहि पद पर निर्विरोध निर्वाचित होयब मानल जा रहल अछि। काल्हि हुनक निर्वाचन के औपचारिक

घोषणा कयल जायत। लगातार नवम बेर विधायक बनला पर प्रेम कुमार कहलनि जे सदन मे पक्ष आ विपक्ष के संग लऽकऽ चलब हुनक प्राथमिकता होयत।

———————————————————————

एम्हर, हमर संवाददाता जनौलनि जे सत्रक दोसर दिन काल्हि नव विधानसभाक अध्यक्ष चुनाव होयत। तीन दिसंबर के राज्यपाल दुनू सदन– विधानसभा आ विधान परिषदक सदस्य लोकनि के संयुक्त रूप सँ संबोधित करताह। एहि दिन राज्यपालक दिस सँ प्रख्यापित अध्यादेशक प्रति सदनक पटल पर राखल जायत। संगहि दोसर अनुपूरक बजट सेहो प्रस्तुत कयल जायत। सत्रक चारिम दिन दुनू सत्र मे राज्यपालक अभिभाषण पर धन्यवाद प्रस्ताव पर चर्चा होयत आ सरकारक उत्तर सेहो होयत। सत्रक अंतिम दिन पांच दिसंबर के दुनू सदन मे दोसर अनुपूरक बजट पर वाद–विवाद आ मतदान होयत। एहि दिन एहि पर मोहर लागत आ पुनः विनियोग विधेयक प्रस्तुत होयत।

———————————————————————

संसदक शीतकालीन सत्रक आइ सँ शुरू भऽ गेल अछि। उन्नैस दिन धरि चलऽबला एहि सत्र मे कुल पंद्रह बैसक होयत। मतदाता सूची के विशेष गहन पुनरीक्षण सहित विभिन्न मुद्दा सभ पर विपक्ष के हंगामाक बाद लोकसभा के कार्यवाही दिनभरि के लेल स्थगित कऽ देल गेल। पहिल स्थगण के बाद दूपहर बारह बजे जखन कार्यवाही शुरू भेल तऽ विपक्षी सांसद लोलनि पुनः नाराबाजी शुरू कऽ देलनि। एहि सँ पहिने लोकसभाक कार्यवाही दिन के एगारह बजे शुरू भेल तऽ लोकसभा अध्यक्ष ओम बिड़ला दिवंगत सदस्य अभिनेता धर्मेन्द्र, कर्नल सेवानिवृत सोनाराम चौधरी, प्रोफेसर विजय कुमार मल्होत्रा आ रवि नाइक के श्रद्धांजलि अर्पित कयलनि।

———————————————————————

ओतहि, राज्यसभा मे कार्यवाही शुरू भेला पर नव निर्वाचित सदस्य लोकनि के शपथ दियाओल गेल। पहिल बेर राज्यसभाक अध्यक्षता करऽवला सदनक सभापति सी.पी. राधाकृष्णन के प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी स्वागत कयलनि। ओ कहलनि जे श्री राधाकृष्णन के एक साधारण पृष्ठ भूमि सँ उपराष्ट्रपति पद धरि पहुंचब देशक लोकतंत्रक शक्ति के दर्शाबैत अछि। श्री मोदी कहलनि जे हुनक मार्गदर्शन मे सदन महत्वपूर्ण मुद्दा पर चर्चा करत आ निर्णय लेत। उपसभापति हरिवंश सेहो श्री राधाकृष्णन के स्वागत कयलनि।

———————————————————————

आइ विश्व एड्स दिवस अछि। ई दिवस लोक सभ के एचआईवी के विरूद्ध लड़ाई मे एकजुट हेबाक आ एचआईवी पीड़ित लोक सभक प्रति समर्थन व्यक्त करबाक सेहो अवसरि प्रदान करैत अछि। एहि अवसर पर केन्द्रीय स्वास्थ्य मंत्री जे.पी. नड्डा कहलनि जे ई दिवस एचआईवी के रोकबाक, उपचार आ देखभालक लेल सरकारक अटूट प्रतिबद्धता के दर्शाबैत अछि। विश्व एड्स दिवस पर प्रदेश भरि मे जागरूकता कार्यक्रमक आयोजन कयल जा रहल अछि।

————————————————————————

प्रदेश भरि मे उच्चतम आ न्यूनतम तापमान मे लगातार कम–बेसी हेबाक क्रम जारी अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार पछिला चौबीस घंटाक दरमियान एगारह दशमलव आठ डिग्री सेल्सियस न्यूनतम तापमानक संग किशनगंज राज्यक सभ सँ ठंढ़ा स्थान रहल। मौसम पूर्वानुमान मे कहल गेल अछि जे अगिला अड़तालीस घंटाक अंतर्गत न्यूनतम तापमान मे दू सँ चारि डिग्री सेल्सियस के कमी आबि सकैत अछि।

————————————————————————

समाप्त